

2020

GID ORYANTASYON REGULARIZASYON IMIGRASYON ELÈV ETRANJE



**P
A
C
E**

PROGRAMA DE
ACOMPAÑAMIENTO
Y ACCESO EFECTIVO
A LA EDUCACIÓN
SUPERIOR

**P
A
C
E**
uah/ Universidad
Alberto Hurtado

ANTESEDAN:

- Kounye a, migrasyon nan Chili reglemante pa dekrè lwa 1.094 nan Lwa sou imigrasyon, nan ane 1975. Selon dekrè lwa sa, yo endike diferan kalite estati migratwa (viza) ak enstitisyon yo ki anchaje pou fe pwoesis regularizasyon migratwa a pou etranje nan peyi Chili.
- Yon seri modifikasyon te aplike nan lwa sa akòz chanjman ki fèt nan pwoesis migrasyon ke peyi a te fè eksperyans depi 1990. Youn nan yo se Plan regularizasyon migratwa ki te kòmanse nan ane 2018, ki defini dispozisyon aktyèl yo sou kesyon viza ak regilasyon yo.

Poun kontinye, nou pral abode etap principal yo pou elèv etranje yo kapab regularize estati imigratwa yo nan peyi a.

POUKISA LI EMPOTAN POU ETUDIAN YO REGULARIZE SITIASYON MIGRATWA YO?

Regularize sitiyasyon migratwa an enpòtan anpil pou gen yon residans ki asire nan peyi Chili. Nan fason sa a, enterè etid oswa travay nan peyi a pa pral afekte nou.

Regularize sitiyasyon migratwa a lè pral facilite aksè elèv yo nan edikasyon siperyè nan Chili ak jwenn benefis pou kontinye etudye.

PWOESIS REGILASYON IMIGRASYON

Nan tèm administratif, pwosesis migrasyon yon moun enplike moman diferan, epi li depann de anpil varyab. Nan sans sa a, chak sitiyasyon diferan e li mande konsèy endividydèl.

Nan dokiman sa a, nou pral abode chemen regilasyon migratwa ki pi komen ant elèv Lycè PACE, Pandan nap konsantre sou viza prensipal yo ki deja egziste nan peyi Chili: pèmi pou touris, viza rezidans tanporè, rezidans pèmanan.

1

AK PÈMI TOURIS

Yo bay Pèmi touris ak tout etranje ki antre nan peyi a pou motif rekreyasyon, espò, sante, etid, biznis, fanmi, reliye oswa lòt rezon menm jan an.

Li valab pou 90 jou e li ka pwolonje.

Nan eksperyans nou, prèske pa gen okenn elèv nan Lycè PACE - UAH ki gen pèmi touris, paske si yo genyen plizye ane nan lekòl segondè nan peyi Chili, sa vle di ke yo te antre nan peyi a ak motif pou yo reside, kidonk li pwobab pou etidyan sa oswa moun ki responsab li ya gentan fe demann viza etidyan oswa rezidans tanporè.

2

VIZA ETIDYAN AN

Yon gwo pati nan elèv Lycè PACE-UAH yo gen yon viza etidyan. Viza sa a ka mande apre pèmi touris la.

Li akòde a etranje ki vle fini etid yo nan peyi Chili. Li dire yon ane e li ka renouvle pou tous etidyan fini ak etid li.

Li valab pou établiseman minisipal oswa prive ke leta rekonet.

Viza sa a sèlman otorize moun ki jwenn li pou li fè etid lekòl yo, kidonk yo pa pèmèt travay oswa lòt aktivite.

An mwayèn, pwosesis sa a pran 6 mwa pou jwenn yon repons ofisyèl. Se poutèt sa li enpòtan pou kòmanse trete li davans, anvan pèmi touris la ekspire.

3

VIZA REZIDANS TANPORÈ

Viza rezidans tanporè a se pwochen etap la apre pèmi touris la. Yo bay viza sa ak etranje yo ki pwouve ke yo gen lyen fanmi oswa enterè nan peyi a, epi li pèmèt yo reyalize nenpòt aktivite legal nan peyi Chili.

Yo bay viza sa a pou yon peryòd maksimòm de yon ane e li kapab renouvre pandan 2 zan.


An mwayèn, tramite rezidans tanporè a pran 6 mwa pou jwenn yon repons ofisyèl.

Apre 1 ane ak yon viza rezidans tanporè, elèv la ka kòmanse travay sou demann yo pou rezidans definitif.

ENPOTAN

Gen diferan kalite viza tanporè. Chak moun, selon sitiyasyon pèsonèl yo, dwe evalye ki viza pou aplike. Pou sa a gen opsyon sa yo:

:



- Visa Temporaria para extranjeros con vínculo con chileno(a)
- Visa Temporaria para hijo de extranjero transeúnte
- Visa Temporaria para ex residente
- Visa Temporaria para extranjero vinculado con familiar que posea Permanencia Definitiva
- Visa Temporaria para religiosos
- Visa Temporaria para jubilados y rentistas
- Visa Temporaria para inversionistas y comerciantes
- Visa Temporaria para profesionales y técnicos de nivel superior, con dos o más contratos, remunerado en el exterior, periodistas o profesionales de medios de comunicación
- Visa Temporaria para embarazadas y tratamiento médico
- Visa "Acuerdo sobre residencia de los estados partes del Mercosur, Bolivia y Chile", nacionales de Argentina, Bolivia, Brasil, Paraguay y Uruguay
- Visa Temporaria por Unión Civil
- Visa Temporaria para niños, niñas y adolescentes
- Visa Temporaria de Orientación Nacional
- Visas Consulares (MINREL)
- Traspaso de visa

Sous:

<https://www.extranjeria.gob.cl/vivir-en-chile/visa-temporaria/>

PRENSIPAL VIZA TANPORÈ KE ETIDYAN YO TA KAPAB MANDE

→ **Viza tanporè pou etranje ki gen lyen ak Chilyen**

Pou aplike pou viza sa a, fok ou se pitit oswa papa oswa manman oswa mari oubyen madanm yon chilyen.

Dokiman ke ou dwe genyen pou aplike pou viza sa a nan Rejyon Metropoliten nan ou ka jwenn li nan lyen sa a: <https://www.extranjeria.gob.cl/media/2020/07/RequisitosVisa-TemporariaPrimeraRM.pdf>

→ **Viza tanporè pou yon etranje ki gen lyen ak yon fanmi ki gen rezidans definitif**

Yo kapab bay viza sa a ak etidyan ki gen lyen fanmi ak sitwayen etranje ki gen yon pèmi rezidans pèmanan nan peyi Chili. Pou rezon sa yo, yo konprann lyen familial kom relasyon ki genyen ant pitit, papa, manman, mari oswa madanm.

Dokiman ke ou dwe genyen pou aplike pou viza sa a nan Rejyon Metropoliten nan ou ka jwenn nan lyen sa a: <https://www.extranjeria.gob.cl/media/2020/07/RequisitosVisa-TemporariaPrimeraVi%CC%81nculoFamiliarResidente.pdf>

→ **Visa pou eta Merkosur yo (Brezil, Irigwe, Paragwe, Bolivi ak Ajantin)**

Pèmi rezidans sa a baze sou prensip resipwosite entènasyonal ofis sikile 26465, nan 12.04.09, ki soti nan Sekretè adjwen Enteryè. Li endike ke yap akòde yon viza rezidan tanporè pou yon ane, ki kapab pwolonje pou menm peryòd la, ak sitwayen Ajantin, Bolivyen, brezilyen, Paragweyen ak sitwayen irigweyen ki nan peyi Chili, kèlkeswa aktivite yo vin reyalize, depi yo pa gen dosye penal oswa deliktif. Pou aplike pou viza sa a, yo dwe prezante yon Paspò ki ajou.

Dokiman ke ou dwe genyen pou aplike pou viza sa a nan Rejyon Metropoliten nan wap jwenn yo nan lyen sa a: <https://www.extranjeria.gob.cl/media/2020/07/RequisitosVisa-TemporariaPrimeraMERCOSUR.pdf>

→ **Viza tanporè pou timoun ak adolesan**

Pèmi sa a fèt pou minè yo, e li pa depann aktivite yo fè.

Visa pou timoun ak adolesan se pa yon benefis ki ka pwolonje nan gwoup fanmi an.

Dokiman ke ou dwe gen pou aplike pou viza sa a nan Rejyon Metropoliten nan wap jwenn yo nan lyen sa a:

<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2020/07/RequisitosVisaTemporariaPrimeraNNA.pdf>

PÈMANANS DEFINITIF (PD)

Apre 1 ane avek kek viza rezidans tanporè ki ajou, oswa nan fen edikasyon segondè ak viza etidyan, ou kapab mande yon pèmi residans definitif.

Etranje ki vle rete nan peyi Chili pou plizyè ane se yo menm ki mande residans definitif lan mande pou. Li pèmèt yo fè nenpòt aktivite legal nan peyi a.

Ou dwe mande residans definitif la diran denye 90 jou anvan dat ekspirasyon rezidans tanporè a.

An mwayèn, pwosesis sa pran 14 mwa pou jwenn yon repons ofisyèl.

Demand pou residans Definitif yo fèt ak yon Kòd inik (Clave Única) sou pòtal la: <https://tramites.extranjeria.gob.cl>

Sitwayen Brezil, Lachin, Kiba, Ayiti ak Pewou dwe fe demand lan nan ChiliAtiende (<https://www.chileatiende.gob.cl/ayuda/sucursales>) avèk menm kondisyon ak lòt peyi yo.

Kondisyon pou jwenn Pèmanans Definitif lan

- 1 ane ak viza tanporè.
- 2 ane ak viza etidyan ak tit respektif ou pran nan peyi Chili.
- Viza ofisyèl (omwen yon ane pou administratif).

Pou plis detay sou Pèmanans Definitif lan:

<https://www.youtube.com/watch?v=4U12ozgLDaI&feature=youtu.be>

NASYONALIZASYON

Pou etranje ki vle rete pou tout tan nan peyi Chili, gen yon demann pou nasyonalizasyon Chilyen. Avèk sa, moun nan devni yon sitwayen chilyen.

An mwayèn, pwosesis sa a pran 2 ane pou jwenn yon repons ofisyèl.

Demand lèt nasyonalizasyon yo fet ak kòd inik (Clave Única) nan:

<https://tramites.extranjeria.gob.cl>

Sitwayen Brezil, Lachin, Kiba, Ayiti, Pakistán ak Pewou dwe fe tramite sa a nan ChiliAtiende:

<https://www.chileatiende.gob.cl/ayuda/sucursales>

Kondisyon pou aplike pou Nasyonalite:

- Gen plis pase 18.
- Gen senk oswa plis ane nan peyi chili ak Pèmanans Definitif.
- Pèmanans definitif yo dwe ajounan moman pwosesis la.
- Si moun lan gen plis pase 14 lane, li ka aplike pou nasyonalite sil ranpli kondisyon anvan yo epi ak yon otorizasyon notaryal ki fèt pa papa a, manman an oswa titè an.

MOMAN PWOSESIS VIZA

Kòm nou wè, pwosesis chak viza enplike aksyon ak pwosedi patikilye selon sitiyasyon chak moun. Nan yon nivo jeneral, sa nou ka konnen se ke pwosesis tramite viza enplike 3 moman fondamantal. Anba a nou detaye pwosesis la pou yon moun ki ap aplike youn nan viza yo tanporè:

VOYE DEMANN NAN	AKSEPTASYON TRAMITE AN	BENEFIS YO BAY LA
Rasanble kondisyon ak dokiman jeneral pou viza a ke ou vle aplike an.	Premye lèt: yo aksepte demann lan pou tramite oswa analiz.	Dezyèm lèt lan: avèk li, moun nan dwe. <ul style="list-style-type: none">- Peye viza a.
Rasanble kondisyon espesifik pou viza ou vle aplike an.	Si moun nan ap fè you tramite viza tanporè, ak lèt sa a yo pral bal yon pèmi travay (pou sa yo yo dwe peye, yon montan 50% nan viza a).	<ul style="list-style-type: none">- Estampe viza a nan paspo a (DEM).
Voye demann pa lapòs sètifye nan Depatman Imigrasyon ak Migrasyon (DEM). Si viza moun nan ekspire, sa vle di li nan yon sitiyasyon iregilye, li dwe peye yon amann nan DEM (timoun yo ak adolesan yo pa peye amann). Apre sa, moun nan ap gen sèlman 10 jou pou soumèt demann lan.	Anplis de sa, ak aseptasyon pwosesis lan moun nan ka mande RUT Pwovizwa nan AFP ak FONASA.	<ul style="list-style-type: none">- Anrejistre viza nan Lapolis Investigasyon (PDI).- Aplike pou kane Chilyen nan Rejis Sivil la.

ENPOTANS POU REGILARIZE SITIYASYON MIGRATWA A EPI GEN YON WOL NASYONAL INIK (RUN)

KOMAN POU JWEN AKSÈ AK WÒL NASYONAL INIK LA (RUN))

Nan peyi Chili, jwenn yon kat idantite ak yon RUN ki pa Pwovizwa gen rapò dirèk ak jwenn yon viza tanporè oswa Pèmanans Definitif.

Sa vle di, yon etranje ka mande kat idantite ya nan biwo Rejis Sivil yo, nan espas 30 jou apre livrezon sètifica Pèmanans Definitif, oswa nan moman ke yo mete viza tanpore nan paspo ki koresponn nan. Sa vle di li nesesè pou etranje yo regularize sitiyasyon migratwa yo avan yo mande kat idantite a ak RUN ki koresponn lan.

Si demand lan fet apre dat limit la, moun nan dwe jwenn yon otorizasyon espesyal nan Depatman etranje ak Migrasyon (DEM), Ministè Enteryè a, oswa Administrasyon Rejyonal respektif la.

Pou timoun ki pokonnan gen 18 an ki gen kèk kalite viza oswa rezidans Pèmanans Definitif, pwoesysis demand kane a pa obligatwa jiskaske yo rive nan laj majorite.

Pou konnen dokiman ki nesesè pou mande kat idantite a:

<https://www.chileatiende.gob.cl/fichas/3337-cedula-de-identidad-para-extranjeros-obtencion-y-renovacion>

Nan moman ke elèv la regilarize estati imigratwa li, li gen yon viza tanporè oswa Pèmanans Definitif ak yon kat idantite ak RUN, li dwe enfome nouveau estati imigratwa li nan etablisman edikasyonel an. Nan fason sa a, etablisman an dwe fè chanjman nan IPE a RUN nan platfòm SIGE.

Chanjman sa a ap fasilité aksè elèv etranje yo nan pwoesisis enskripsyon nan tès tranzisyonèl (ansyen PSU) ak FUAS pou benefis elèv yo. Paske tou 2 platfòm enskripsyon yo prezante pwoblèm pou yo enskri elèv yo ak RUT 100.

LA WAP JWEN TOUT ENFOMASYON ENPOTAN YO

<https://www.extranjeria.gob.cl/vivir-en-chile/visa-temporaria/>

<https://www.extranjeria.gob.cl/vivir-en-chile/permanencia-definitiva/>

<https://www.chileatiende.gob.cl/ayuda/sucursales>

<https://tramites.extranjeria.gob.cl>

<https://www.registrocivil.cl> Ingresar en el menú a: Nuestras Oficinas



PACE

PROGRAMA DE
ACOMPAÑAMIENTO
Y ACCESO EFECTIVO
A LA EDUCACIÓN
SUPERIOR



www.uahurtado.cl/pace



PACEUAH



paceuahurtado